

Dwa ak Responsabilite pou Kliyan National Grid ki pa Rezidan yo nan Eta New York

Vil New York

nationalgrid

Ou gen yon kesyon sou bòdwo ou a Oswa ou bezwen sèvis?

Tanpri kontakte National Grid imedyatman si w gen yon kesyon sou bòdwo w la, oswa si w bezwen sèvis sekirite gaz ijans gratis nou an. Kontakte National Grid an premye. Nou vle ede wl.

Nan telefòn - 718-643-4050. Si w gen yon ijans sekirite gaz, tanpri rele **911** oswa rele nou nenpòt lè (24/7). Yo trete kesyon sou bòdwo yo nòmalmal soti 8:00 a.m. jiska 8:00 p.m., Lendi jiska Vandredi epi 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. jou Samdi.

An pèsòn - nan youn nan Sant Sèvis Klyantèl nou yo ki endike sou do bòdwo w la. Orè a se 8:30 a.m. jiska 5:00 p.m. - Lendi jiska Vandredi. Lendi ak Vandredi yo se jou nou pi okipe, tanpri eseye vizite nou lòt jou, si sa posib, pou w ekonomize tan ou.

Pa lapòs- Ekri nan: National Grid, Customer Correspondence, 2 Hanson Place, Brooklyn, NY 11217. N ap reponn san pèdi tan epi alekri, si w mande yon repons alekri. Lè w ap ekri, tanpri mete nimewo kont ou ak nimewo telefòn ou.

Sa k ap pase si ou pa dakò ak repons National Grid pou kesyon ou an?

Si reprezantan nou an pa reponn kesyon ou yo yon fason ki satisfè w, tanpri mande pou pale ak yon sipèvèz.

Si nou pa ka ede w ou ka kontakte New York Public Service Commission anliy sou **dps.ny.gov/complaints**, lè w rele **1-800-342-3377** (apèl la gratis), 8:30 a.m. - 4 p.m. Lendi-Vandredi, oswa pa lapòs: New York Public Service Commission, Empire State Plaza, Albany, NY 12223 Reprezantan konsomatè yo ap mennen ankèt sou plent ou a epi y ap pran yon desizyon.

Pandan PSC ap egzamine plent ou aou pa oblige peye montan bòdwo ki an kesyon an. Yo ap kapab peye bòdwo ki pa genyen kontestasyon yo lè yo dwe peye yo a.

Demann pou sèvis gaz

Yon Demann pou Sèvis Gaz—ki disponib nan nenpòt Sant Sèvis Klyantèl—yo dwe ranpli anvan yo kòmanse founi sèvis gaz yo. Asire w ou ranpli demann lan konplèteman epi avèk presiyon pou asire kont ou a plase nan klasifikasyon sèvis ki kòrèk la (to pèman an). Demann ou an dwe akonpaye de kopi dokiman pwofesyonèl ou yo (Dokiman patenarya oswa dokiman antrepriz, ak papye kay oswa kontra lwave). Non ki sou demann lan dwe menm avèk non ki sou dokiman pwofesyonèl ou yo. Nou ap swa bay oswa refize sèvis nan 10 jou sivil apre nou fin resevwa yon demann ki konplè. Genyen kèk sitiyyoston ki ka ralanti distribisyon sèvis la, tankou kondisyon metewolojik ki defavorab oswa enkapasite nou genyen pou nou genyen aksè ak lokal yo.

Anvan nou bay yon kandida sèvisnou ka egzije pou li fè yon peman konplè pou tout kantite lajan li dwe yo ki pa genyen kontestasyon bòdwo ki annatant ki fèt sou yo oswa ki gen yon Akò Pèman Difere kòm sa dwa sou yo. Si yo refize demann ou an sèlman paske w pa fè pèman konplè a, n ap bay sèvis osito sa posib yon depi ou peye kantite lajan ou dwe yo.

Si nou refize demann ou an pou sèvis la, n ap ba wyon avi alekri ki eksplike rezon ki fè nou ba w refi a, kisa ou dwe fè pou kalifye pou w resevwa sèvis la, ak yon avi sou dwa w genyen pou yon Komisyón Sèvis Piblik la egzamine ka w la.

Politik nan kad depo sekrite

Nouvo Kliyan yo ka nan obligasyon pou yo peye yon depo sekrite nan lide yo pou ouvrir yon nouvo kont. Depo a p ap depase doub konsomasyon mwayèn yo pandan peryòd 12 mwa ki sot pase yo. Depo a ap mansyone sou premye bòdwo mansyèl ou a. Ou ka peye

depo ou a an twa vèsmans — 50% an avans ak balans lan an de vèsmans mansyèl.

Yo ka mande Kliyan ki La deja yo pou yo peye yon depo si kont lan an soufrans, si kliyan an te depoze yon demann yon reyòganizasyon oswa mizan fayit, si yo te faktire li san rezon pou yon sèvis yo bay nan ekipman falsifye oswa (kote genyen prèv ki fyab ki egziste) si yo soupsons yo pa peye frè sèvis yo te faktire yo a.

Depo Sekirite p ap depase doubkonsomasyon mwayèn mansyèl la. Nan ka kote kliyan ki genyen yon konsomasyon ki varye anpil, kantite lajan an ka doud fwa pri konsomasyon mwayèn mansyèl ou ou a pandan sezon pwent lan.

Pou kliyan ki la deja yo ki gen 12mwa oswa plis antedesan pèman, kantite lajan Depo Sekirite a ap baze sou antedesan bòdwo yo.

Pou kliyan ki gen mwens pase 12 mwa antedesan bòdwo yo, kantite lajan depo a ap baze sou wa antedesan bòdwo kliyan an, oswa sou antedesan kliyan ki te la anvan an, akondisyon pa t gen okenn chanjman enpòtan ki fèt sou konsomasyon an.

Yo ka peye depo sekirite sou fòm lajan kach, chèk, lèt kredi pèmanan epi sou garanti. National Grid peye enterè sou depo yo peye atravè lajan kach oswa chèk yo. Depo yo fèt ak yon to enterè PSC a fikse. Enterè yo ap kredite chak ane toutotan nou kontinye konsève depo a.

Yo ap egzamine depo a aprè yon anenan lide pou asire yo kantite lajan depo a koresponn avèk konsomasyon aktèl la. Si diferans lan plis pase 25%, yo ka mande genyen yon depo siplémente ki fèt, oswa yon montan pasyèl ki ranbouse. Lè sa a, yo egzamine depo yo chak de zan oswa nan sitiyyoston kote ou fè yon demann.

Yo konsève depo yo pandan twa zanakondisyon yo te peye bòdwo yo alè, konplèteman, epi pa gen okenn kondisyon finansye ki difavorab. Nou ap ranbouse yon depo lajan kach, plis enterè, nan yon delè 30 jou sivil, apre yo fin dedui montan an nan tout bòdwo ki pa t peye yo. Yo retire opsyon ki pa lajan kach yo sou kont la.

Pèman bòdwo yo

Peye anliy sou **nationalgridus.com**, pa lapòslè w sèvi avèk anvlòp ki genyen bòdwo w la ladan li, oswa enskri nan sèvis gratis pèman otomatik DirectPay nou an. Peye an pèsòn nan nenpòt Sant Sèvis Klyantèl ki endike nan do bòdwo w la, ansanm ak lòt ajans ki otorize yo. Vizite **nationalgridus.com** pou jwenn plis enfòmasyon.

Nou apresye dèskes ou peye bòdwo ou yo rapidman. Bòdwo yo egzijib epi yo peyab nan moman menm ou resevwa yo a. Yon peman anretra nan yon delè 23 jou sivil aprè pèman an egzijib (ki se jeneralman 23 jou aprè yo te fin voye bòdwo a).

Frè sou Pèman Anretra yo (Late Payment Charges, LPC):

Nou ka enpoze yon frè pou pèman an retra sou balans tout bòdwo pou sèvis ak tout LPC ki poko peye yo ki aplike sou bòdwo ki te la dejay oswa sou depo sekirite ki pa peye yo nan yon delè 23 jou sivil. Nou gen dwa aplike LPC pou sèvis ki pa t faktire avan yo epi ki te founi atravè ekipman falsifye yo, akondisyon nou kapab demonstre kondisyon an te egziste aprè kliyan an te knownen oswa nòmalman te dwe knownen fakti presipal la te enkòrèk. Dat Pèman an retra ap afiche sou bòdwo w la.

Plan Bidjè a

Si konsomasyon gaz ou a genyen varasyon previzib pandan ane a, ou ka elijib pou w rantre nan plan Bidjè nou an. Li divize

depans anyèl pou konsomasyon gaz ou an an 12 pèman mansyèl. Kontakte nou pou w enskri nan sèvis gratis la.

Eleman ki annapre yo pa kalifye pou yopatisipe. Kliyan ki:

1. genyen mwens pase 12 mwa de konsomasyon.
2. se sezonye, akouttèm oswa tanporè.
3. gen reta nan pèman yo
4. Kapab sibi enteripsyon, ki genyen tanperati ki kontwole, oubyen ki doub kabiran
5. pou nenpòt ki rezon, yo te sispann peye nan yon plan ki te la dejay avan ane plan an fini nan 24 mwa ki sot pase yo; oswa
6. gen yon modèl konsomasyon ki pa ka byen estime.

Dekoneksyon nan sèvis la

Si ou pa peye bòdwo ki anreta yo (bòdwo gaz, Akò Pèman Difere, demann Depo Sekirite), oswa ou pa bay aksè nòmal nan lokal la, nou ka kanpe sèvis ou a sèlman aprè ou fin bay avi ki nesesè a. Si w elijib, n ap ofri w yon Akò Pèman Difere.

Si nou kanpe sèvis ou a paske nou jwenn li te founi nan ekipman ki (kontè) falsifye, ou gen dwa pou ou resevwa yon bòdwo sèvis alekri san kontè ak avi oral sou kondisyon yo, si sa nesesè, kote sèvis yo pral kontinye.

Nou gen dwa kanpe sèvis yo sannou pa bay yon avi debranchman alavans si yo fè yon pèman atravè yon chèk yo refize apre yo fin voye yon avi debranchman.

Avi Debranchman Final yo

Anvan nou an mezi pou nou koupe sèvis gaz pou yon bòdwo ki anreta, depo sekirite, oswa si nou pa bay aksè a kontè a, nou nan obligasyon pou nou voye yon Avi Debranchman Final pou ou. Nou p ap voye yon Avi Debranchman Final pou pèman ki pa fèt sòf si ou pa t peye yon bòdwo pandan yon peryòd 23 jou sivil apre dat pèman an te dwe fèt la (anwwon 24 jou aprè dat relve kontè aktèl la ki enprime sou bòdwo a). Depi yo fin voye yon Avi Debranchman Final ba ou, w ap gen omwen uit jou sivil pou w peye bòdwo w la, oswa w ap antre nan yon Akò Pèman Difere si w elijib pou sa. (Konsilte seksyon sou Akò Pèman Difere yo.) Si w gen nenpòt kesyon konsènan kont ou an, tanpri rele nou. Nou ap egzamine kont ou an epi ranwaye debranchman sèvis gaz pandan n ap etidye demann ou yo.

Nou gen dwa debranche sèvis yo pou pèman ki pa fèt yo ant 8 a.m. ak 6 p.m. Lendi rive Vandredi. Nou pa kapab debranche sèvis yo nan jou Samdi oswa Dimanch, yon jou ferye piblik jan sa defini nan Lwa Konstriksyon Jeneral Eta a (General Construction Law of the State) la oswa nenpòt jou kote swa biwo nou yo oswa biwo PSC yo fèmen. Lè sèvis la dwe koupe, ou gen dwa peye reprezantan konpayi an pou evite yon debranchman. Si ou te peye nou avèk yon chèk ki san pwovizyon nan 24 dèneye mwa yo, sepandan, nou gen dwa pou aksepte sèlman yon chèk sètifye, yon manda oswa lajan kach kòm peman. Si sèvis la dwe koupe aprè 3 p.m. nan yon jou ki vini anvan yon jou kote yo entèdi pou yo kanpe sèvis la, reprezantan tèren nou an ap kontakte w epi mete w prè pou w aksepte pèman (tankou chèk pèsonèl) pou evite yo koupe sèvis la.

Reprezantan nou yo kapab aksepte pèman epi fè Akò Pèman Difere ak kliyan ki elijib yo nan moman kote yo koupe sèvis gaz la. Yo ka aksepte pèman total oswa pasyèl ak yon Akò Pèman Difere (si kliyan an elijib), kidonk anpeche yo koupe sèvis la. (Konsilte seksyon sou Akò Pèman Difere yo.)

Rebranchman apre yo fin Koupe sèvis la

Si nou koupe sèvis ou a akòz pèman bòdwo yo ki pa fèt, ou pa bay aksè pou li kontè nou

Ou Ka Elijib Pou Pwoteksyon Rezidans

Ou ka elijib pou pwoteksyon nan kad Home Energy Fair Practices Act (HEFPA), yon lwa Eta New York ki aplikab pou kliyan rezidansyèl yo. Pwoteksyon sa yo genyen ladan yo, men se pa sa sèlman, renonsyasyon ak Depo Sekirite, elijibilite pou Akò Pèman Difere ak pwoteksyon kont debranchman sèvis.

Ou elijib pou pwoteksyon kliyan rezidansyèl yo si:

1. Ou se yon pwopriyetè rezidan nan yon abitasyon ki genyen twa fanmi ki alimante ak yon sèl kontè gaz; -OSWA-
2. a. Yo te soumet yon demann pou sèvis gaz sou non w epi se pa sou non yon antrepriz oswa yon non òganizasyon; epi b. Ou rete nan yon adrès sèvis kote yo pral itilize gaz la; ak c. Ou itilize plis pase 50% nan sevis gaz la nan kad bezwen rezidansyèl ou. Nòt empòtan: Pwoteksyon HEFPA yo pa afekte tarif yo faktire w pou sèvis gaz ou a. Yo detèmine tarif gaz yo atravè tip sèvis gaz yo itilize yo ak nan lokal yo apowivizyon yo. National Grid rezèye dwa pou enspektye lokal kliyan an pou verifye tout enfòmasyon yo bay yo egzat. Si w kalifye pou pwoteksyon kliyan rezidansyèl yo, tanpri ranpli lòt bò fòmiliè sila a epi voye pa lapòs nan adrès ki anba a. Tanpri ranpli lòt bò a epi voye fòmiliè sa a bay:

National Grid, Collections, 2 Hanson Place, Brooklyn, NY 11217

suit>

an, oswa pou yon vyolasyon Tarif nou an, nou ap rekonekte li nan espas 24 èdtan aprè ou fin peye frè ki aplikab yo ak nenpòt depo sekirite ki aplikab yo, te pran dispozisyon ki nòmal nan lide pou nou pou aksè ak kontè a oswa nan lide pou nou korije vyolasyon tarif lan. Si sikontans ki pa depann de volonte nou anpeche sèvis lan rekonekte nan yon espas 24 èdtan, sèvis la ap rekonekte nan espas 24 èdtan aprè sikontans sa yo rezoud.

Enfòmasyon enpòtan pou pwopriyetè yo

Si w posede yon pwopriete rezidansyèl pou lokasyon, lokatè w yo pa oblige peye pou sèvis gaz nan okenn zòn andeyò pwòp abitasyon ap yo a. Yo konnen sitiayson sila a sou non yon sitiayson "kontè pataje". Yo konsidere yon lojman kòm yon zòn kote lokatè a ap viv la, ansam avèk nenpòt lòt zòn se lokatè a sèlman ki itilize epi kontwòl yo. Sof nan eksepsyon ki limite, yo dwe korije eta yon kontè ki pataje oswa pwopriyetè a dwe pran responsablite kont lan, epi tou yon dire ki rive jouk sis lane sèvis pase. Anplis de sa, lè yo konstate eta yon kontè pataje aprè yon enspeksyon ki pa t fèt sou demann pwopriyetè a, yo ka enpoze pwopriyetè a yon bòdwo ki egal a yon pri ki estimate a 12 mwa tout sèvis mezire kontè pataje a. Ou ka kontakte nou pou w fè demann yon enspeksyon.

Akò Peman Difere

Si ou pa kapab peye bòdwo konplè w la lè li rev enan tèm li, ou ka elijib pou yon Akò Peman Difere (DPA). Sebandan, yon DPA pa dispanse w pou w fè yon depo sekirite. Pou plis enfòmasyon, vizite [ngrid.com/moretime](#). Pou jwenn yon DPA, tanpri vizite nenpòt Sant Sèvis Kliyan National Grid oswa rele **718-643-4050**.

Egzijans nan sa ki gen pou wè ak

Pèman Prensipal

Nou ka mande yon pèman 30% nan kantite lajan pèman anreta w yo, oswa de fwa mwayèn konsomasyon mansyèl ou a (kèlkeswa kantite ki pi plis la), plis nenpòt kantite lajan ki faktire apre yo te voye Avi Debranchman Final la ki nan pèman anreta yo lè yo siyen akò a.

Si nou vizite lokal ou a nan lide pou nou dekonekte sèvis ou a, ou ka fè yon akò nan moman sa a, men pèman ou ka rive jiska 50% pèman anreta w yo, oswa pri kat fwa mwayèn konsomasyon mansyèl ou a, kèlkeswa sa ki pi plis la.

Peman ki rete yo

Yo dwe peye balans ki rete a apre pèman ou an nan pèman mansyèl ki egal a pri konsomasyon mwayèn mansyèl la, oswa nan sis pèman mansyèl, kèlkeswa sa ki pi plis la.

REMAK: Ou pa elijib pou yon DPA si:

- Ou gen resous finansye pou peye bòdwo a; oswa
- Ou se yon antrepriz publik oswayon filyal pou yon antrepriz; oswa
- Ou se yon kliyan sezonye, akoutèm oswa tanporè; oswa
- Konsomasyon 12 mwa anvan ou te depase yon konsomasyon gaz total konbine de 4,000 tèmik; oswa
- Ou dwe lajan nan kad yon Akò Pèman Difere anvan oswa ki dejaegziste, oswa ou pa t fè pèman an alè daprè yon Akò anvan ki an aplikasyon pandan 12 mwa ki sot pase yo.

Relve Kontè ak Estimasyon Bòdwo

Dat pwochen relve pwograme kontè ou an parèt sou bòdwo w la. Orè relve nòmal yo soti 8:00 a.m. rive 5:00 p.m. Tanpri fe tout jefò posibl pou pèmèt relvè nou an

Voye fòmilè sila a ranpli sa a bay National Grid, Koleksyon, 2 Hanson Place, Brooklyn, NY 11217

antre nan dat sa a. Nan kèk sikontans, nou ka etabli yon bòdwo estimate. Si nou pa ka jwenn aksè pou li kontè w la, n ap mande w pou ba nou relve kontè a. Si aksè a kontinye pa disponib, yon seri mesaj sou bòdwo ap mande w èd nan lide pou w kapab fè relve kontè w la, ap pwopoze w yon randevou espesyal pou relve a, epi fè w konnen frè penalite pou non-aksè ak kontè a. Chaj penalite pou non-aksè ak kontè a kòmanse a \$25 plis taks pou chak kontè epi yo ogmante jiskaske yo fè relve a sou kontè a.

Pèman Retwoyaktif (Backbilling)

Yo defini yon "backbill" kòm pòsyon sa a ki nan tout bòdwo, ki pa yon bòdwo plan Pèman Ekilibre, ki reprezante frè yo poko faktire pou sèvis yo te founi kliyan an pandan peryòd anvan sik pèman aktyèl la.

Si genyen yon erè ki parèt sou bòdwo ou an, nou genyen, daprè lalwa, sis mwa pou korije pwoblèm nan lan epi voye yon bòdwo ki detaye bay kliyan an. Lè yo bay yon bòdwo retwoyaktif, yo ap bay kliyan an yon eksplikasyon sou sikontans ki te lakòz yo faktire kliyan an mwens lan. Si bòdwo retwoyaktif la kouvri plis pase 24 mwa, yo pral mete ansanm ak bòdwo a yon deklarasyon ki eksplike rezon ki fè bill la depase limit etabli. Pou nenpòt bòdwo ki kouvri plis pase peryòd yon mwa, kliyan an ap resevwa yon avi ki eksplike yo ka, sou demann, resevwa yon deklarasyon bòdwo detaye ki montre kijan frè yo te kalkile.

Anplis de sa, yon bòdwo ap akonpaye kyon òf na yon Akò Peman Difere pou kliyan ki elijib la, eksepte nan sitiayson kote sa enplike yon falsifikasyon yon kontè oswa yon sèvis. Nou gen pèmisyon pou nou egzamine yon bòdwo retwoyaktif nan yon peryòd 12 mwa apre dat nou te vin konnen sikontans ki te lakòz soufakti a si:

- kliyan an te konnen oswa te nòmalman dwekommen bòdwo orijinal la, oswa premye bòdwo retwoyaktif la te enkòrèk; oswa
- nouvo enfòmasyon montre premyebòdwo retwoyaktif la pa t kòrèk.

Limit

Nou pa gen pèmisyon pou nou faktire yon kliyan nan yon fason ki retwoyaktif nan kad yon sèvis yo te rann nan yon peryòd ki plis pase 24 mwa anvan nou te vin konnen sikontans ki te lakòz bòdwo retwoyaktif la (12 mwa si se akòz yon erè ki sotì bò kote pa nou) sof si nou ka demonstre kliyan an te nòmalman dwe konnen bòdwo te kòrèk orijinal la.

Enspeksyon ak egzamen nan aparèy sèvis publik

Nou gen dwa antre nan yon batiman nan moman ki apwopriye nan lide pou egzamine ekipman nou yo (kontè, kanalizasyon, elatriye), oswa pou détèmine kantite gaz ki konsome. Yon kliyan ki dirèkteman, oswa endirèkteman, anpeche reprezantan nou yo fè egzamen sa a gendwa resevwa yon frè penalite \$100. Eksepte kote sikontans ki depase kontwòl nou anpeche nou, nou ap fè yon enspeksyon sou teren pi vit posib epi nan yon peryòd 60 jou nan sitiayson sa yo ki anba a:

- yon demann ki nan yon demann sèvis
- yon demann kliyan ki rezonab;
- yon lòd enspeksyon sou teren antrepriz la;
- notifikasyon ki sotì nan nenpòt sous rezonab sèvis yo ka pa mezire kòrèkteman; oswa
- yon demann Komisyon Sèvis Publik New York la, oswa reprezantan otorize li yo.

Kontè Gaz ki Pa an Fonksyon

Tout lokal ki gen kontè gaz ki louvri yo dwe gen yon kliyan aktif sou kont gaz la. Yo pral fèmèn kontè ki louvri nan lokal ki pa gen okenn kliyan responsab, oswa yo pral koupe liy sèvis ki bay gaz nan lokal la. Kliyan ki sispann sèvis yo ta dwe planifye yon randevou pou fèmèn kontè a.

Klasifikasyon sèvis (pousantaj bòdwo)

Yon lis detaye sou klasifikasyon Sèvis gaz ki pa rezidansyèl nou yo disponib sou demann nan tout Sant Sèvis Kliyan, oswa lè w rele **718-643-4050**. Yo bay tout nouvo kliyan tou nan moman an enfòmasyon sa a atravè demann yo fè pou sèvis nan Sant Sèvis Kliyan nou yo. Yon kopí tarif nou an disponib nan chak Sant Sèvis Kliyan.

Sèvis rezidansyèl ki pa HEFPA Gen sèten klas kliyan ki faktire sou yon tarif rezidansyèl yo kouvri selon règ ki pa rezidansyèl ki dekri nan avi sa a epi yo pa kouvri nan Lwa sou Pratik Ekitab Enèji Domesye (HEFPA). Klas sila yo se sa yo ki anba yo:

- batiman ki genyen twa a senk fanmi ki asre yo de chofajespas la ak/ oswa dlo;
- òganizasyon relije* kote gaz yo itilize sèlman pou rezon relije;
- òganizasyon veteran san bi likratif* ki posede oswa lwe lokal oswa sal;
- rezidans komunitè* pou malad mantal yo ki se kòporasyon ki pa fè pwofi epi ki pa gen anplwaye nan lokal la 24 èdtan pa jou; oswa
- rezon ki pa chofaj (ki gen pou kwit manje ak/ oswa itilizasyon yon lanp a lwl sèlman) nan de oswa plis batiman fanmi ak 50% oswa mwens nan pye kare yo itilize pou aktivite ki pa rezidansyèl yo.

*National Grid pèmèt kalite kont sa a plis chwa nan chwazi yon pousantaj awpapiroye ak pri-efikas. Tanpri rele **718-643-4050** pou plis enfòmasyon.

Pousantaj rabè pou kliyan antrepris yo

Èske w ap deplase oswa agrandi antrepriz ou a? Oswa petèt w ap reflechi pou w kòmanse pwòp biznis ou. Nou ka ede w ekonomize lajan sou depans fonksyònan w yo oswa menm ede w jwenn yon lojman. Mande nou plis enfòmasyon lè w ap aplike pou sèvis nan yon Sant Sèvis Kliyan, oswa rele Biwo Developman Ekonomik nou an nan **1-877-MyNGrid**.

Eskane kòd QR la pou w kapab wè fòmilè sa a nan lang sa yo: Arab, Bengali, Chinwa, Kreyòl ayisyen, Polonè, Ris, Oudou ak Yiddish



Demann pou Pwoteksyon Kont Rezidansyèl Ian (selon Lwa sou Pratik Ekitab Enèji Domestik)

Non sou kont _____

Adrès Sèvis _____

Vil _____ Eta _____ Kod Postal _____

Nimewo Kont _____

Nimewo telefòn: Kay _____ Antrepriz_____

Siyati kliyan an_____

Tit _____ Dat _____

Pou itilize konpayi sèlman: Ensp. Rek avi ale jwenn

Retounen Kalifye: Wi Non

Tanpri chwazi tout eleman ki aplike pou ou yo:

1.

Mwen se yon pwopriyetè rezidan nan yon lojman ki genyen twa fanmi ki resevwa gaz sou yon sèl kontè

Remak: Si ou seleksyon atik #1, oswa tout atik ki nan #2, ou ka kalifye pou pwoteksyon kliyan rezidansyèl yo dapre Lwa Pratik Ekitab Enèji Domestik

2.

Kont la sou non pa mwen (pa sou non yon antrepriz oswa yon sosyete); epi

Mwen abite nan adres sèvis; epi

Mwen konsome plis pase 50% nan sèvis gaz la poukout mwen